

Asistans pou Siklòn Ida Toujou Disponib kòm Dat Limit ki Pre

Release Date: Novanm 22, 2021

BATON ROUGE, La. – Sinistre Siklòn Ida yo toujou genyen yon semèn ki rete pou aplike pou asistans nan FEMA.. Dat limit pou aplike a se Lendi, 29 novanm.

Asistans FEMA bay pou moun ak fanmi ki afekte nan Siklòn Ida yo kapab kouvri èd pou lwaye, lojman tanporè, reparasyon kay, pèt pwopriyete pèsònèl ak lòt bezwen ki gen rapò ak katastwòf ke asirans pa kouvri. Mwayen ki pi vit pou aplike pou asistans FEMA se anliy nan [DisasterAssistance.gov](https://www.DisasterAssistance.gov) oswa nan telefòn nan 800-621-3362 oswa (TTY) 800-462-7585. Nimewo telefòn yo fonksyone apati 6 a.m. rive 10 p.m., sèt jou chak semèn. Moun ki sinistre yo kapab vizite yon sant rekiperasyon pou katastwòf pou yo aplike ak rankontre an pèsòn avèk espesyalis FEMA yo. Pou jwenn yon sant, tcheke aplikasyon FEMA a oswa vizite li [fema.gov/DRCLocator](https://www.fema.gov/DRCLocator).

29 novanm se dènye dat limit pou aplike pou yon prè pou katastwòf Administrasyon ti Biznis Etazini an tou. Reprezantan SBA yo disponib nan sant rekiperasyon pou katastwòf la. Biznis ak rezidan yo ka vizite [sba.gov/disaster-assistance](https://www.sba.gov/disaster-assistance) tout, rele sant sèvis kliyan SBA a nan 800-659-2955 (TTY) 800-877-8339, oswa imèl disastercustomerservice@sba.gov pou enfòmasyon oswa pou aplike.

Tout moun ki bezwen yon lojmanapwopriye (entèpretasyon ASL, Bray, gwo ekriti, elatriye) dwe rele nan 800-621-3362 pou ou mande èd bonè oswa mande ekip retablisman yo nan sant pou èd la. Kandida ak ekip sant rekouvreman yo dwe swiv gid sekirite CDC COVID-19 la.

Pou jwenn dènye enfòmasyon yo, ale sou [fema.gov/disaster/4611](https://www.fema.gov/disaster/4611). Swiv kont Twitter FEMA Rejyon 6 la twitter.com/FEMARegion6 oswa sou Facebook nan [facebook.com/FEMARegion6](https://www.facebook.com/FEMARegion6).



FEMA

Page 1 of 1